

## BAB III METODOLOGI PANALUNGTIKAN


### 3.1 Metode Panalungtikan

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif-analitik kalawan ngagunakeun tehnik studi pustaka. Nurutkeun KBBI (2017, kc. 952), metode téh nyaéta cara pikeun ngalakonan hiji hal sangkan tujuan nu dipimaksud bisa kahontal. Ari kecap panalungtikan miboga harti kagiatan ngumpulkeun, ngolah, nganalisis, jeung midangkeun data sacara sistematis tur objektif pikeun matotoskeun hiji pasualan atawa nguji hiji hipotesis pikeun mekarkeun prinsip-prinsip umum. Jadi, metode panalungtikan mangrupa cara nu sistematis sarta objektif dina kagiatan ngumpulkeun, ngolah, nganalisis, jeung midangkeun data pikeun matotoskeun hiji hal atawa nguji hiji hipotesis dina mekarkeun prinsip-prinsip umum.

Sugiyono (2012, kc. 2) nétélakeun yén metode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data kalayan tujuan jeung kagunaan nu tangtu. Ieu métode ngawengku sababaraha hal di handap.

#### 3.1.1 Désain Panalungtikan

Désain ieu panalungtikan diskemakeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

### 3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

Dina nangtukeun sumber data, dipilih dumasar kana judulna, nu patali jeung ekokritik. Tuluy ditilik tina tema jeung eusina, upamana aya ngeunaan parobahan lingkungan, sikep dina mertahankeun lingkungan jeung ruksakna lingkungan. Sarta luyu-henteuna pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran.

#### 3.1.2.1 Deskripsi Lima Carpon Sunda

Dumasar sumber data nu geus disebutkeun saméméhna, lima carpon Sunda dina ieu panalungtikan téh dipilih tina dua buku, nyaéta buku kumpulan carpon *Néng Maya* jeung kumpulan karya *Lir Cahya Nyorot Eunteung*. Buku kumpulan carpon *Néng Maya* mangrupa kumpulan carpon nu carpon-carponna hasil koleksi C.W. Watson sarta dipanganteuran langsung ku manéhna. C.W. Watson téh salah saurang inohong nu jadi pengamat tur penikmat sastra Sunda, nepi ka ieu buku diterbitkeun. Eusi carpon dina ieu buku jumlahna 24 judul nu ditulis ku 14 pangarang. Diterbitkeun ku penerbit Kiblat dina taun 2014. Demi buku *Lir Cahya Nyorot Eunteung* mangrupa buku kumpulan karya, nu eusina ngawadahan karya-karya ti 54 pangarang, mimiti taun 1957 nepi ka taun 2004. Genre karya nu dimuat di antarana 90 sajak, 62 carpon, 13 éséy, 6 dangding, 2 rumpaka lagu, 1 gending karesmén, 1 sandiwara radio, 1 drama, jeung 2 kritik sastra. Ieu buku dieditoran ku Ano Karsana jeung Chyé Rétyy Isnendes, dicitak ulang taun 2014 ku penerbit Sonagar Press.

Tina 24 carpon (dina buku kumpulan carpon *Néng Maya*) jeung 62 carpon (dina buku kumpulan karya *Lir Cahya Nyorot Eunteung*), ditilik tina segi méré judul kapilih 20 carpon dina buku kumpulan karya *Lir Cahya Nyorot Eunteung* (nyaéta *Pileuleuyan Panon Poé, Kembang Tanjung, Panon Poé Surupna di Cireungit, Panon Poé Lila Surupna, Pasir Kiara, Cikapundung Nunjang Ngidul, Kingkilaban Pulo Kayangan, Palagan Mandala Wangi, Patok Beureum, Munding Bulé, Oray, Hayam Jago Beureum, Bulan Ngambang di Waluran, Katiga téh Teuing Ku Lila, Kalangkang Bulan, Layung Langit Hurung Mancur, Mobil di Tengah Leuweung, Kalangkang di Pakalangan, Tanah Wates, jeung Tanjakan Pasirkawung*) jeung 7 carpon dina buku kumpulan carpon *Néng Maya* (nyaéta *Janari Simpé di Cijeléreun, Angin Puyuh, Jeruk, Séké Béntang, Tanah Sakarung, Tempat Nyimpang Saheulaanan, jeung Daun*) nu nuduhkeun patalina jeung

lingkungan alam. Sabada kitu, dipilih deui dumasar tema jeung eusina, kapanggih aya 3 carpon dina buku kumpulan carpon *Néng Maya* (nyaéta *Tanah Sakarung* jeung *Tempat Nyimpang Saheulaanan* karya H. Usep Romli H.M. jeung *Séké Béntang* karya Mamat Sasmita), sabab sabagian gedéna nyaritakeun ngeunaan lingkungan politik, pamaréntahan, jeung religi. Sarta aya 3 nu dianggap luyu pikeun dianalisis ngagunakeun ekokritik, ari nu 17 carpon deui mah tema jeung eusina téh leuwih kana hubungan sosial, politik, jeung religi. Jadi, tina dua buku téa, aya 6 carpon nu kapilih, nyaéta *Pasir Kiara* karya Yus Rusyana, *Katiga téh Teuing Ku Lila* karya Ruhaliah, *Patok Beureum* karya Tatang Sumarsono, *Tanah Sakarung* jeung *Tempat Nyimpang Saheulaanan* karya H. Usep Romli H.M., jeung *Séké Béntang* karya Mamat Sasmita. Tina nu genep éta, disaring deui jadi 5 carpon, sabab *Patok Beureum* karya Tatang Sumarsono kurang keuna lamun diulik ku ekokritik, tapi tema nu diangkatna leuwih dominan kana sosial, sanajan aya bagian nu nyaritakeun yén tokoh utama hayang ngajaga lingkungan.

Sumber data *Pasir Kiara* jeung *Katiga téh Teuing Ku Lila* aya dina buku kumpulan karya *Lir Cahya Nyorot Eunteung*, nu masing-masing kacana, nyaéta 165-176 jeung 414-418. Carpon *Pasir Kiara/PK* (nu satuluyna bakal disingget PK) karya Yus Rusyana, ditulis taun 1983 medal dina majalah Manglé No. 895 jeung *Katiga téh Teuing Ku Lila/KTKL* (nu satuluyna bakal disingget KTKL) karya Ruhaliah, ditulis taun 2003, medal dina majalah Manglé No.1943. Demi carpon *Tanah Sakarung*, *Tempat Nyimpang Saheulaanan*, jeung *Séké Béntang* aya dina buku kumpulan carpon *Néng Maya*. *Tanah Sakarung/TS* (nu satuluyna bakal disingget TS) dina kaca 141-151, *Tempat Nyimpang Saheulaanan/TNyS* (nu satuluyna bakal disingget TNyS) kaca 152-160, jeung *Séké Béntang/SB* (nu satuluyna bakal disingget SB) karya Mamat Sasmita kaca 106-114.

### **3.1.2.2 Biografi Pangarang Lima Carpon Sunda**

#### **3.1.2.2.1 Yus Rusyana**

Yus Rusyana téh salah saurang sastrawan produktif tur Guru Besar di Universitas Pendidikan Indonesia (1988). Anjeunna lahir di Pameungpeuk-Garut, 24 Maret 1938. Karya-karya nu kungsi dikarangna, di antarana dina wangun carpon, sajak, jeung essay, ditulis dina basa Sunda atawa Indonesia.

Mimiti sakola di sakola rahayat negri Pameungpeuk (1946-1952), dituluykeun ka Sakola Guru B. Negeri (SGBN 1) di Garut (1952-1955). Sanggeus namatkeun sakola di SGBN 1, tuluy sakola deui di Sakola Guru A. Negeri (SGAN 1) di Bandung (1955-1958) nepi ka nyangking gelar sarjana pendidikan di Fakultas Keguruan Sastra jeung Seni IKIP Bandung (1958-1964). Taun 1971-1978 nuluykeun deui sakolana di Universitas Leiden Belanda dina program “Post Graduate Training in the Study of Indonesia Languages and Philology,” tuluy nyusun disertasi. Tanggal 5 Juli 1975 dipromosikeun jadi doktor élmu-élmu sastra, hususna linguistik di Fakultas Sastra Universitas Indonesia, Jakarta. Taun 1962 anjeunna mancén gawé di Fakultas Pendidikan Bahasa jeung Seni IKIP Bandung. Taun 1968-1970 diangkat jadi Pembantu Dekan, tuluy jadi Dekan FKSS dina taun 1977-1978.

#### **3.1.2.2.2 H. Usép Romli H. M.**

Lahir di Limbangan-Garut, 16 April 1949. Usép Romli mangrupa salah saurang pangarang Sunda jeung Indonesia. Mimiti nulis sastra ti keur sakola di Sekolah Pendidikan Guru. Réa karya-karyana nu dimuat di majalah-majalah jeung surat kabar, sarta aya ogé anu geus dibukukeun. Lian ti éta, réa ogé karya-karyana nu meunang penghargaan, boh carpon, boh sajak, kitu deui essayna. Dina taun 1966 anjeunna kungsi jadi guru di SD daerah Kadungora, Garut. Waktu rék diangkat jadi pagawé Dinas Pendidikan dan Kebudayaan di Bandung, anjeunna leuwih milih jadi wartawan.

#### **3.1.2.2.3 Ruhaliah**

Lahir di Bogor, 10 Nopémber 1964. Namatkeun pendidikanana ti SD nepi ka SMA di dayeuh Bogor. Taun 1983, kuliah di IKIP Bandung, lulus taun 1987. S2 di UNPAD, lulus taun 1999. Tuluy S3 di UNPAD, lulus taun 2005. Salian ti jadi dosén, kiwari anjeunna geus nyangking gelar Doktor bari boga kalungguhan salaku Sekretaris Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FPBS, UPI Bandung. Diajar nulis carponna taun 2000, tulisanana kungsi dimuat dina Manglé, Cupumanik, dan Pikiran Rakyat. Sarta dina taun 2006, kolomna kapilih jadi Kolom Pinilih dina majalah Manglé.

#### **3.1.2.2.4 Mamat Sasmita**

Lahir di Ciawi-Tasikmalaya, 15 Mei 1951. Sakola di SD nepi ka STM Jurusan Mesin (1971) di Bandung. Dituluykeun ka atikan PT Telkom tingkat pengatur muda jurusan radio di Surabaya (1975). Dina taun 2004 ngadegkeun *rumah baca* bari mimiti diajar nulis artikel. Taun 2005, réa artikelnana nu dimuat dina majalah jeung koran, maké basa Sunda atawa basa Indonesia. Anjeunna ogé sok nulis carita pondok sarta kungsi dilélér penghargaan.

### 3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta studi pustaka, carana panalungtik ngumpulkeun bahan saloba-lobana boh buku boh hasil panalungtikan atawa jurnal pikeun dijadikeun bahan sangkan bisa medar struktur jeung ekokritik tina lima carpon Sunda.

#### 3.2.1 Instrumen Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data nu dipaké pikeun katégorisasi data hasil nganalisis lima carita pondok Sunda nu geus disebutkeun saméméhna.

**Tabel 3.1**

Struktur

Kaca:	
Nu ditalungtik:	
Cutatan:	

**Tabel 3.2**

Kartu Data Hubungan Manusa jeung Lingkungan

Kaca:	
Hubungan Manusa jeung Lingkungan:	
Cutatan:	

**Tabel 3.3**

Kartu Data Ekokritik

Kaca:	
Kritik Ekologi:	
Cutatan:	

**Tabel 3.4**  
Kriteria Bahan Ajar

No.	Kriteria Milih Bahan Ajar	PK		TS		TNS		PB		SK		Ket.
		L	TL	L	TL	L	TL	L	TL	L	TL	
1.	Tujuan nu hayang dihontal.											
2.	Dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa											
3.	Dianggap miboga ajén minangka warisan entragan saméméhna.											
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan.											
5.	Luyu jeung kabutuh tur minat peserta didik.											

Ket:

L = Luyu

TL = Teu Luyu

PK = Pasir Kiara

TS = Tanah Sakarung

TNS = Tempat Nyimpang Saheulaanan

KTKL = Katiga téh Teuing Ku Lila

SK = Séké Béntang

### 3.3 Analisis Data

#### 3.3.1 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, panalungtik maké téhnik analisis data. Sanggeus data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah téhnik analisis:

- Maca lima carpon Sunda (nu geus dipilih) kalayan gemet tur jero.
- Nganalisis struktur carita lima carpon Sunda.
- Nganalisis lima carpon Sunda maké pamarekan ekokritik.
- Ngadéskripsikeun, nafsirkeun, jeung nyieun kacindekkan.
- Nyusun laporan.

Sacara lengkep, aya léngkah tehnik analisis struktural, ekologi, jeung bahan pangajaran maca.

### 1) **Tehnik Analisis Struktural**

Analisis struktural digunakeun pikeun ngungkab unsur-unsur nu jadi pangwangun lima carpon nu geus disebutkeun saméméhna, kalawan ngagunakeun tiori nu disebutkeun ku Stanton. Léngkah-léngkah analisis struktural dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Ngungkab tema nu aya dina lima carpon Sunda nu geus disebutkeun.
- b. Ngungkab galur tina lima carpon Sunda nu geus disebutkeun.
- c. Ngungkab latar tina lima carpon Sunda nu geus disebutkeun.
- d. Ngungkab palaku tina lima carpon Sunda nu geus disebutkeun.

### 2) **Tehnik Analisis Ekokritik**

Dina proses nganalisis ekologi, panalungtik nyoko kana tiori nu disebutkeun ku Sukmawan jeung Endraswara. Demi léngkah-léngkahna nyaéta:

- a. Nyungsi hubungan antara unsur intrinsik jeung lingkungan nu aya dina lima carpon Sunda nu geus disebutkeun.
- b. Nyungsi kritik ekologi tina lima carpon Sunda nu geus disebutkeun.

### 3) **Tehnik Analisis Bahan Pangajaran**

Sabada analisis struktural jeung ekologi, tuluy dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Dina ieu tahap, dianalisis loyog-henteuna antara analisis struktural jeung ekologi lima carpon Sunda nu geus disebutkeun pikeun dijadikeun bahan ajar kelas XI materi carita pondok. Pikeun mikanyaho loyog henteuna, panalungtik nyoko kana tiori nu medar ngeunaan kriteria milih bahan ajar, sangkan luyu jeung tujuan pangajaran nu baris dihontal, satuluyna bakal dilarapkeun dina Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).